

Trasaj Kontak: Kisa w Dwe Atann

Kisa ki Tracing lan?

- + Trasaj, yo rele l tou "trasaj kontak", la pou li jwenn moun ke yo dyagnostike ki genyen oswa ki te ekspoze ak COVID-19 lan, li la pou li mande yo rete yon kote lwen lòt moun jiskaske yo pa ka simaye viris la ankò.
- + Trasaj se yon pati ki enpòtan nan plan vil Nouyòk la pou li anpeche epidemi COVID-19 la pou li simaye, epi pou yo louvri vil la san okenn danje.

Kiyès ki Retrasè Kontak yo?

- + Retrasè Kontak yo fè pati Gwoup k ap Teste epi k ap Retrase Moun ki genyen oswa ekspoze ak COVID-19 yo. Y ap rele moun ke yo dyagnostike ki gen COVID-19 yo pou yo mande yo rete lwen lòt moun.
- + Retrasè Kontak yo ap retrase lòt moun ki kapab te ekspoze a COVID-19 la, epi l ap mande yo pou yo rete lwen lòt moun tou.

Poukisa yon Retrasè Kontak rele m?

- + Retrasè Kontak yo rele moun ke yo te dyagnostike ki genyen oswa te ekspoze ak COVID-19 lan.
- + Retrasè Kontak w la ap:
 - Mande w kòman w santi w.
 - Si w bezwen resous pou ede w rete an sante epi evite simaye COVID-19 lan.
 - L ap esplike w konbyen tan ou sipoze rete lakay ou ak lwen lòt moun.
- + **Si yo te dyagnostike w genyen COVID-19**, Retrasè Kontak ou an ap:
 - Poze w kesyon pou eseye konnen kòman w te fè vin enfekte.
 - L ap mande w non ak kontak tout moun ou te gen relasyon sere avè yo nan moman ou te ka simaye viris la bay lòt moun.
- + Si Retrasè Kontak ou an pa ka jwenn ou nan telefòn, yo ka vizite w anpèsòn pou yo verifye avè w.

Kisa ki "kontak sere" ak yon moun ke yo dyagnostike ki gen COVID-19?

- + Moun ki te gen "kontak sere" se moun tankou ki:
 - Ap viv ak yon moun ke yo dyagnostike ki gen COVID-19.
 - Te bo oswa te gen relasyon seksyèl ak yon moun yo dyagnostike ki gen COVID-19.
 - T ap bay swen lakay yon moun yo dyagnostike ki gen COVID-19.
 - Pase 10 minit oswa plis nan yon distans mwens pase sis (6) pye (2 mè) ak yon moun yo dyagnostike ki gen COVID-19.
- + **Si yo te dyagnostike w gen COVID-19**, Retrasè Kontak ou an ap ede w konnen kiyès ou te gen kontak sere avè yo.

Kòman m ap fè konnen si moun ki rele m lan fè pati Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo?

- + Retrasè Kontak ou an ap rele apati yon nimewo ki di "NYC Test + Trace."
- + Retrasè Kontak ou an PA P JANM mande w pou nimewo sekirite sosyal ou, nimewo kat kredi w, oswa enfòmasyon labank ou. Si nenpòt moun ta rele w pou mande w enfòmasyon sa yo epi li di w li fè pati "Test & Trace Corps", rakwoche.
 - Retrasè Kontak ou an kapab mande w enfòmasyon pou idantifye w tankou dat nesans ou ak adrès ou.

Kòman Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo fè gen enfòmasyon sou mwen?

- + **Si yo te dyagnostike w gen COVID-19**, Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo resevwa enfòmasyon w nan men Depatman NYC Health.
 - Lalwa nan Eta Nouyòk ak Kòd Sante nan Vil Nouyòk fè laboratwa yo egzijans pou yo voye enfòmasyon rezilta tès COVID-19 bay Depatman NYC Health.
 - Depatman NYC Health la pataje enfòmasyon ou yo an sekirite avèk Gwoup k ap Teste epi Retrase moun yo selon lwa sou zafè konfidansyalite ki pèmèt tip enfòmasyon sa yo pou yo itilize nan lide pou yo pwoteje sante piblik la epi anpeche maladi simaye.
- + **Si w te ekspoze ak COVID-19**, Gwoup k at Teste epi Retrase Moun yo te resevwa enfòmasyon sou ou paske yon moun ke yo te dyagnostike ki genyen COVID-19 la te mete Retrasè Kontak okouran ke w te gen yon kontak sere avè l pandan moman l te ka simaye viris la bay lòt moun.
 - Retrasè Kontak ou an pa ka di w kiyès ki di yo ou te gen yon kontak sere avè l. Tout enfòmasyon pèsònèl yo pataje ak Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo ap ret konfidansyèl jan lalwa mande sa.

Nan ki frekans Retrasè Kontak m lan ap rele m?

- + Retrasè Kontak ou an ap rele w chak jou pandan anviwon 10 jou - defwa li ka pi piti oswa pi plis - pou l ka konnen kòman w ye.
- + Fè tout efò pou w ka reponn lè Retrasè Kontak ou an rele w. W ap idantifye apèl la sou non sa "NYC Test + Trace."
- + Si Retrasè Kontak ou an pa ka jwenn ou, yo ka vizite w anpèsòn pou yo verifye avè w.

Kòman Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo ap asire konfidansyalite enfòmasyon sou mwen yo?

- + Se sèl Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo k ap itilize enfòmasyon pèsònèl ou founi yo nan lide pou pwoteje lasante piblik epi pou yo founi w resous w ap bezwen pandan moman w ap rete lwen lòt moun yo. Y ap kenbe yo ansekirite.
- + Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo ap pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo jan lalwa mande sa.

Poukisa Retrasè Kontak yo bezwen pou yo rele moun ke yon konnen ki te ekspoze ak COVID-19 lan?

- + Moun yo dyagnostike ki gen COVID-19 la kapab devwale moun yo gen kontak sere ak yo ke yo te ekspoze ak viris la, men li enpòtan pou yon Retrasè Kontak tou rele kontak sa yo pou ede yo al fè tès, siveye sentom yo, epi ofri yo nenpòt ki sèvis yo ta bezwen.

Èske Retrasè Kontak mwen an ap pataje enfòmasyon mwen yo ak enstans ki la pou fè aplike lalwa yo oswa sèvis imigrasyon?

- + Pa gen onkenn enfòmasyon ou pataje ak Retrasè Kontak ki ap pataje ak Imigrasyon, enstans ki la pou aplike lalwa, oswa reprezantan lajistis amwenske lalwa fè nou egzijans lan.

Èske mwen gen dwa soti si Retrasè Kontak mwen an di mwen, yo te dyagnostike mwen te gen oswa te ekspoze ak COVID-19?

- + Ou pa sipoze soti jiskaske Retrasè Kontak ou an di w ou ka fè sa, amwenske w bezwen swen medikal ki enpòtan, (tankou, pou yon sesyon dyaliz, oswa ijans medikal).
 - Reponn apèl Retrasè Kontak ou an chak jou, konsa yo ap di w kilè ou ka soti lakay ou ankò.
 - Si w ta bezwen sòti deyò pou w jwenn swen medikal, mete yon pwoteksyon vizaj epi mete founisè swen sante w lan okouran anvan, depi kilè yo te dyagnostike w genyen oswa ou ekspoze ak COVID-19 lan.
- + Si w pa ka rete lwen lòt moun san danje lakay ou, mete Retrasè Kontak ou an okouran de sa oswa rele 844-NYC-4NYC (844-692-4692). Yo ka ede w jwenn yon chanm otèl gratis.

Èske Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun yo ap siveye depasman m ?

- + Non. Gwoup k ap Teste epi Retrase Moun pa itilize teknoloji smatfòn oswa nenpòt lòt apwòch pou yo retrase depasman w.
- + Si yon Retrasè Kontak vin vizite w anpèsòn se nan lide pou yo tcheke w, verifye si sante w anfòm epi pou yo ka konnen ki lòt moun ki ka ekspoze ak COVID-19 la.

Èske y ap arete m oswa y ap fè m peye yon amann si m soti?

- + Non, yo p ap arete w ni fò w peye amann si w soti deyò.
- + Pou w anpeche COVID-19 la simaye li trè enpòtan pou w ret anndan epi lwen lòt moun anndan lakay ou jiskaske Retrasè Kontak ou an di w yon lòt bagay, amwenske w gen yon ijans medikal.
 - Ou ka mete Retrasè Kontak ou an okouran de nenpòt bagay ou ta bezwen pandan moman l ap rele w chak jou yo. Yo ka asire yo ke w gen manje, medikaman, epi lòt èd ou bezwen yo pote pou oukidonk ou p ap bezwen pou w soti deyò.

Èske y ap konsidere m kòm yon "chaj piblik" selon lalwa imigrasyon si mwen pale ak Retrasè Kontak mwen an?

- + Non. Pale ak Retrasè Kontak ou an pa p gen onkenn enpak sou posibilite ou genyen pou ou aplike pou yon "green card".
- + Tretman medikal oswa sèvis swen sante prevantif ki gen rapò ak COVID-19 PA P konsidere kòm yon chaj piblik.

Èske y ap peye m konje maladi si mwen pa ka al travay?

- + Ou kapab elijib pou w jwenn konje maladi ki peye oswa konje fanmi anplis anba Lalwa Federal Fanmi Anpremye Repons kont Kowonaviris oswa Lalwa Eta Nouyòk Peye Konje Maladi (Families First Coronavirus Response Act oswa the New York State Paid Sick Leave Law) ke yo adopte an repons a pandemi COVID-19 lan.
- + Al gade nan [Nouvo Peman Konje pou COVID-19](#) oswa rele 311 pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon, al gade nan [TestandTrace.NYC](#) oswa rele 311